Pou Piblikasyon Imedya: 2/10/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RAPÒ KI BAY DETAY SOU ENPAK SALÈ MINIMÓM $15 NAN NEW YORK CITY

Gouvènè a ankouraje Lejislati a pou pase Salè Minimòm $15 pwogresivman pandan sesyon lejislativ la

Analiz: 927,400 Travayè nan Vil New York ap touche salè ki pi elve, ogmante pouvwa depans pa $6.5 Milyon

ATANSYON TELEVIZYON YO: VIDEYO sou Gouvènè a kap anonse pwopozisyon sa avèk Vis Prezidan Biden disponib nan YouTube la ak nan fòma TV-quality (h264, mp4) la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon rapò pa Depatman Travay (disponib la) ki detaye enpak yon salè minimòm $15 pou travayè New York ansanm avèk fanmi yo. An total, 2.3 milyon Nouyòkè ap touche salè ki pi elve e kòm yon rezilta, ogmante pouvwa dacha pa plis pase $15.7 milya nan Eta New York. Gouvènè a ap ankouraje Lejislati Eta pou pase pwopozisyon salè minimòm pwogresif pandan sesyon sa a.

"Si wap travay aplentan, ou pa ta dwe ap viv nan povrete– se poutèt sa li lè pou Nouyòk dirije wout la epi pase salè minimòm $15**," te deklare Gouvènè Cuomo**. "Rapò sa demontre ke ogmante salè minimòm ap bay nouvo opòtinite ak restore jistis ekonomik pou plizyè milyon Nouyòkè. Pwopozisyon nou an ap retire fanmi yo nan povrete epi kreye yon ekonomi ki pi solid pou tout moun, e mwen ankouraje lejislatè yo pou ede nou lite pou peman ekitab pou fanmi kap travay yo ane sa a."

Gouvènè Cuomo ap dirije lit la pou jistis ekonomik nan ogmante salè pou Nouyòkè kap travay di yo. Sou lidèchip Gouvènè a, New York te stimile avèk siksè peman pou travayè poubwa yo epi ogmante salè minimòm a $15 pou tout travayè fast food yo, 10,000 travayè eta ak 28,000 anplwaye SUNY. Nan 2013, Gouvènè a te garanti avèk siksè yon ogmantasyon nan salè minimòm eta pou tout travayè yo a $9.00. Kòm yon pwochen etap, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou ogmante salè minimòm a $15, sa ki te kapab salè minimòm ki pi elve nan tout peyi a.

Rapò a ki te pibliye jodi a te detaye benefis ekonomik kominotè ak endividyèl apati yon salè $15.

Rezilta Enpòtan:

- **Plizyè milyon Nouyòkè ap touche salè ki pi elve.** 2.3 milyon Nouyòkè - apeprè yon ka nan mendèv total la - ap eksperimante salè ki pi elve, ogmante pouvwa dacha pa plis pase $15.7 milya.[1]
- **Vas majorite moun kap touche salè minimòm nan yo se adilt.** Mwatye nan travayè yo kap touche salè minimòm nan Eta New York gen laj 35 ane oswa pi gran e andeyò Vil New York, plis pase 70 pousan gen plis pase laj 25 ane. Plis pase 40 pousan marye, paran oswa toulède e anpil se sous revni prensipal fanmi yo.[2]
- **Moun pa ka viv avèk salè minimòm kounye a.** Jodia, yon travay aplentan nan salè minimòm New York peye sèlman $18,720 pa ane. Pou yon manman ki gen de pitit poukont li, sa piba nivo ofisyèl povrete a.
- **Pwopozisyon Gouvènè a korije 40 ane enjistis ekonomik.** Yon salè minimòm $15 nan 2021 se apeprè kote salè minimòm New York nan ane 1970 ta ye, si li ajiste pou enflasyon ak diferans pou depans lavi.[3]
- **Li enpòtan pou kwasans ekonomik New York.** New York te ogmante salè minimòm li uit fwa apati 1991 jiska 2015, e sis nan fwa sa yo, done montre ke travay te ogmante apre ogmantasyon nan salè minimòm eta.[4]

Kisa yon salè minimòm $15 vle di pou Vil New York:

	Travayè yo kap touche salè minimòm aktyèl $9.00 pa èdtan	Travayè yo kap touche salè minimòm aktyèl $15.00 pa èdtan	Lajan ki re-envesti nan ekonomi rejyon an
Vil New York	261,900	927,400	$6,500,000,000

Pou yon repatisyon nan tout eta, gade paj kat nan rapò sou salè minimòm nan.

Pèmèt travay yo planifye

Benefis ekonomik pou ogmante salè minimòm nan te depase depans yo. Men pou bay biznis yo opòtinite pou planifye, e nan fason pou w sansib nan kapasite relatif diferan ekonomi rejyonal pou absòbe chanjman an, pwopozisyon pwogresif pou ogmante salè minimòm nan Vil New York e pi gradyèlman nan rès eta, sou orè ki annaprè yo:

Vil New York		Nan tout eta (ekskli NYC)	
Salè Minimòm	Dat Efektif	Salè Minimòm	Dat Efektif
$10.50	7/1/2016	$9.75	7/1/2016
$12.00	12/31/2016	$10.75	12/31/2016
$13.50	12/31/2017	$11.75	12/31/2017
$15.00	12/31/2018	$12.75	12/31/2018
		$13.75	12/31/2019
		$14.50	12/31/2020

		$15.00	7/1/2021

Analiz: Ogmante Salè Minimòm New York a $15 te fèt grasa Biwo Rechèch ak Statistik Depatman Travay Eta New York.

1. Analiz done Depatman Travay Eta Nouyòk ki soti nan Sondaj aktyèl Biwo Census Etazini ak Sondaj chak trimès Statistik Travay nan Biwo Travay ak Salè
2. Analiz done Depatman Travay Eta Nouyòk ki soti nan Biwo Census, Sondaj sou Popilasyon Aktyèl, ak *Done Siplemantè* David Cooper (2013): *Karakteristik Travayè Eta--pa--Eta yo ki ta afekte nan ogmantasyon Salè Minimòm Federal a $10.10 nan Jiyè 2016*. Dokiman Enfòmasyon 371. Economic Policy Institute: Washington, DC.
3. Salè minimòm 1970 te ajiste nan pousantaj enflasyon jiska 2021, ak pou diferans rejyonal depans lavi, yo te estime a $16.05 nan Vil New York ak $14.41 pou rès eta, daprè Divizyon Bidjè NYS.
4. Depatman Analiz Travay Eta Nouyòk.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418